Ассаламу гӏалайкум, казбекалъул жамагӏат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 36 (9830) 16 сентябрь 2019 с. / Итни 17 Мух1аррам 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

**Ополчению - 20 лет**

## Общереспубликанский конно-спортивный праздник «В единстве наша сила»



10 сентября наш район радушно встречал гостей у въездного поста ГИБДД (с.Ленинаул), где состоялся общереспубликанский конно-спортивный праздник в честь 20-летия разгрома международных террористов, вторгшихся в Дагестан в августе-сентябре 1999 года. Мероприятие было организовано совместными усилиями администрации нашего района и города Хасавюрт.

Среди многочисленных гостей праздника были очевидцы и участники событий августа 1999 года, представители общественных и молодежных организаций, трудовых коллективов. Праздничная программа началась со спортивных соревнований по национальным видам спорта(кросс на 3км, прыжки в длину, с места и метание камня), в которых приняли участие жители окрестных городов и районов республики. Официальную часть мероприятия открыл министр промышленности и энергетики РД Сайгидпаша Умаханов, который в 1999 году был командиром ополчения г.Хасавюрт. **«В этот день мы отмечаем юбилейную дату со дня разгрома международных террористов. 20 лет тому назад народы Дагестана объединились в единый кулак. Это были дни, когда смута угрожала мирной жизни республики, и именно фактор единения стал залогом успеха ополчения. Я желаю, чтобы и впредь народы Дагестана двигались вперед в мире и согласии, по пути созидания и успеха во благо нашей Родины!»** — сказал С. Умаханов.



**«События 20-летней давности стали проверкой на прочность и стойкость дагестанского народа. Мы дали достойный отпор врагу, и тем самым доказали, что вместе мы – сила»,** — отметил в выступлении глава нашего района Гаджимурад Мусаев.

О роли ополчения в судьбоносные для Дагестана дни говорил и глава г. Хасавюрт Зайнудин Окмазов: «**20 лет назад международные террористы вторглись на территорию республики. В городе сразу же было организовано народное ополчение. Люди сотнями и тысячами входили в состав ополчения, выражая готовность защищать свои дома. В конечном итоге, это сыграло ключевую роль в том, что город был сохранен от боев и кровопролития».**



Со словами поздравления выступили почетные гости: главы Новолакского и Гумбетовского районов Магомед-Гаджи Айдиев и Хаджимурад Магомедов. Радостными эмоциями по случаю организации праздника, поделились с соратникамикомандир штаба ДРОО народного ополчения **«Интербригада-1999»** Арсен Абилаев, председатель Совета ветеранов правоохранительных органов г. Хасавюрт Зайбодин Омаров и президент культурно-просветительского общественного фонда имени Имама Шамиля Алиасхаб Хархачаев.

В рамках мероприятия, ополченцев наградили юбилейными медалями ДРОО **«Интербригада-1999»,** а председатель общественного Совета гражданского общества РД Арапат Курбанова зачитала наградной список командиров ополчения г. Хасавюрт, Казбековского, Новолакского, Гумбетовского и Ботлихского районов. Награждение проведут в торжественной обстановке на местах.

На праздничном майдане участники праздника ознакомились с подворьями поселений нашего района, где были представлены стенды с историей сел и традиционные предметы быта дагестанцев. Всех желающих угощали блюдами национальной кухни. На подворьях звучала музыка в живом исполнении, под которую в традиционной лезгинке кружили ополченцы и представители молодого поколения. Волонтеры раздавали всем прохладительные напитки и мороженое.

На праздничном концерте гостям были представлены яркие выступления артистов Хасавюртовского центра культуры, досугового центра, дворца культуры **«Спартак»,** муниципального хореографического ансамбля **«Эхо гор»** и государственного ансамбля танцев народов Кавказа **«Молодость Дагестана»,** а также Центра традиционной культуры народов России нашего района, артисты которого развлекали гостей и на сельских майданах.





Кульминацией праздника стали три конных заезда, где приняли участие скакуны со всей республики. На дистанции 1400 м (1 круг) победителем стал Марат Исмаилов из селения Аксай. На дистанции 2800 м (2 круга) всех опередила лошадь Гаджимурада Гамзаева из с. Дженгутай. Дистанцию 5000 м ( 4 круга) выиграл Шамиль Маликов из с. Гельбах. Победители заездов получили памятные медали, грамоты, кубки и солидные денежные вознаграждения.

*И. БУЛАТХАНОВ.*

Ополчениялъе - 20 сон

**Буртунаялъул ополчение**

Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

Нилъер тарих

**Реццалъе мустахӏикъал ирсилал**

Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

Спорт

**Хӏ. Нурмухӏамадовасул иргадулаб бергьенлъи**

Ц1ализе бегьула - 6 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

Ополчениялъе - 20 сон

# Буртунаялъул ополчение

**1999** соналъул **5** сентябралда Ц1ияблак районалде Чечняялдасан боевикал т1аде к1анц1ана. Гьезул рак1алда бук1ана гьенисан Хасавюрт ва нилъер районазде лъугьине. Г1ат1идал хьулалгун гьенире шварал гьезда эркенго церехун ине рес батич1о. Боевиказда дандч1вай гьабуна къуркьи лъаларел Дагъистаналъул г1олохъабаз. Гьеб пашманаб хабар хехго т1ибит1ана Казбек районалъул росабалъ. Бищунго гьеб хабаралъ рах1ат хвезе гьабуна - Ленинаул, Калининаул, Алмахъ, Дилим ва Буртунай росабазул жамаг1атазул. Щаян абуни, гьел росабазулги Чечняялъулги г1орхъи цо кколелъул.

Дие гьаниб бицен гьабизе бокьун буго гьел къояз Буртунай росулъ бук1араб ах1вал - х1алалъул. **6** сентябралъул радал школалъул азбаралде рак1арана росдал жавабиял хьулухъчаг1и ва жамаг1аталъул церехъаби. Суал баккана, хехаб къаг1идаялда, росу тушбабаздаса ц1униялъе гьаризе кколел тадбиразда т1асан. Жамаг1аталъул рахъалдасан к1алъана- Салманов Салман, совхозалъул директор Хайрулаев Салман, школалъул директор Магьдиев Мурадис ва цогидалги. Х1укму гьабуна росдал бихьиназул ополчение г1уц1изе.



Сураталда:
Мурадис Магьдиев

Гьелъул командирлъун вищана Магьдиев Мурадис (запасалъул капитан). Гьенибго г1уц1ана ополчениялъул штаб, гьелъул начальниклъун т1амуна Расулов Исх1акъ.

Г1уц1ана **6** взвод, шибаб взводалда -24 чи.

Взводазул командирзаби:

**1. Къасумов Раджаб** (Хъерен авал).

**2. Г1алисултанов Мавлидин** (Хошет авал).

**3. Х1амзатов Салман** (Гъоркьа авал).

**4. Утарбиев Висаг1ит** (К1удияб гох1).

**5. Х1ажиев Мавлидин** (гьесул взводалъул халалда бук1ана алмахъазулгунисеб г1орхъи).

**6. Х1ажиев Исх1анпаша** (гьесул взводалъ хъаравуллъи гьабулаан « Болъодухъ» участокалда).

Хадусан гьел взводазда рук1араз дежурствоялда хиса - басиялги гьарулаан. Гьелде т1адеги, **80** чиясдасан г1уц1ана резервалъул отряд, гьединго, росулъ дежурство гьабизе тана **22** чи (гьел рук1ана ригь арал бихьинал).

Къокъ гьабун абуни, росулъ лъазабуна рагъулаб ах1валх1ал.

Ополчение г1уц1арабги г1оларелъулха, гьеб х1алт1изе ккани, х1ажалъула ярагъ, рагъул алатал ва кванил сурсатал. Гьединлъидал, жамаг1аталъ х1укму гьабуна, хехаб х1аланда, сурсатазул иш тартибалде ккезабизе. Бак1арана **18 000** гъурущ. Совхозалъул рахъалдасан, Хайрулаев Салманица кьуна **40 000** гъурущ. Гьединго, гьес къот1и гьабуна кванир г1иял гьан биччазе. Гьелде т1адеги, Салманица постазда щулалъаби гьаризе ц1улал т1аг1ел ва шифер кьуна. Гьеб зах1матаб х1алалда рук1аго, **9** сентябралда росулъе вач1ана Пачалихъияб Думаялъул депутат Х1ажи Мах1ачев. Гьес кьварараб ваг1за гьабуна ва г1олохъабазухъе **30** СКС карабин кьуна, гьединго, г1урал патронал ва гранатаби рикьана. Киса кирего росдае кумекалъе рахъана буртабазул къват1ирехун рук1арал г1олохъабиги. К1удияб кумек гьабуна Г1умаханов Сайгидпашаца, Х1амзатов Гъайирбегица ва цогидазги.

Дица гьаб макъала хъвалаго дандч1вай гьабуна 3- абилеб взводалъул вук1арав командир Х1амзатов Салманилгун. Гьес бицана х1ехьезе ккараб зах1малъиялъул х1акъалъулъ. Щибаб сордоялъ дежурство гьабулеб бук1ана, алмахъазул Х1амзатханил нохъоялдасан байбихьун, Чорто лъарахъан дилимазул г1орхъоде. Гьес абуна: **«Квачараб хасалихълъиялъул балеб ц1адахъ балагьич1ого, г1олохъабаз х1ехьараб зах1мат бицине къуватцин г1оларо»**, - ян. Гьес рехсана Г1алисултанов Мух1амадрасулил ц1ар ва абуна гьесде вахунев бах1арчи ватизе зах1мат бугин. Живго Магьдиев Мурадисицаги кьимат кьуна дир вук1арав командир Хасаев Мух1амадие, къвак1арав ва рак1бац1ц1адав г1олилав вук1анилан. Гьаниб т1аде жубазе мустах1икъаб ц1ар буго Г1алиев Рашидханил. Гьев вук1ана ополчениялъе кумекалъе тарав чи. К1вах1 тун, релъеда – къад ч1еч1ого, гьес рак1бац1ц1адаб х1алт1и гьабуна. Росдал ополчениялъул х1алт1иялъул бицине ккани, цо гьоркьохъеб т1ехь хъвазе материал буго. Газеталъул гьумералда гьелъие бак1ги г1оларо. Дица рак1 - рак1алъулаб баркала кьола чачаназул боевиказде данде рахъарал г1олохъабазе. Гьезда гьоркьоса цо - цоял камунги руго. Росдалги, нилъер районалъулги ва Дагъистаналъулги ополченцазда дица рак1 - рак1алъ баркула ополчениялъе - **20** сон т1убаялъул байрам. Гьезие х1алалаб буго сахлъиги, рохелги, аваданлъиги ва баркалаги.

Гьаб кеч1ги сайгъат гьабула дирго рахъалдасан дица гьезие.

### *РАГЪУЛ КОР БОРКЬАРАЛ РАКЬАЛДА ЛЪЕЛА*

Рахъа нуж къват1ире,
Салатавиял!
Къо т1аде ккун бугин
нилъеде жакъа.
Борче чармил ярагъ,
рагъул гъалбац1ал,
Ц1огьазул бо бугин
нилъехъе решт1ун.

Шайзедай рач1арал
Ц1ияблакалде,
Квешаб г1амалалъул
г1алхулал хъормал?
Г1еч1ебищ нужее
Болъихъ чух1арал,
Чанц1ул х1ал бихьилеб
маг1арулазул.

Зулмуялъе дару данде
рагъ гьаби,
Данде рахъа, васал,
ярагъги босун.
Батила гьезие гьаниб хабал ракь,
Кьоге гьезий раг1и
Казбекалъулал.

Къвак1араб рак1 бугел,
маг1арул ясал,
Риччай гьанже гьалал
т1огърода жанир.
Т1аде къо бач1арал
васазда цадахъ,
Хъвай историялда
рагъулаб т1амач!

Чанц1ул г1агараб ракь
мерхьинейилан,
Хьулалгун тушбаби
швеч1ел нилъехъе?
Жидер х1ат1азда гьоркь
ц1аял ракулеб,
Квешаб къуват батун,
нахъе т1урич1ищ?

Т1илица рухунги хвезе гьарила
Гьанире рач1ани ч1ух1
дарухъаби.
Басаев щив гурин,
живго Хаттабги,
Хвалил босеналъув
лъолев нилъеца.

Лъазе т1адаб гьеч1ищ
- вагьабияздa,
Гьезул къуваталъе
къуркьулареллъи.
Къах1ан мугжулги ккун,
угьдананиги,
Умумуз тараб дин
бичуларебллъи.

Бац1ц1адаб т1арикъат
доллараххъги кьун,
Кьалде рахъаразде
решт1аги балагь.
Дагъистанги бичун
гьезухъе арал,
Аллагь, Дур макруялъ
лъеги ракьалда.

Воре нуж къуркьуге,
Салатавиял!
Сабруялда т1аме цебехун гали.
Гуллие къуркьич1о,
рагъуй чучич1о,
Г1агараб ракьалда
нилъер умумул.

*С. САБИЕВ , Буртунай росу.*

## Хвалченгун гьабулеб гьоболлъи бихьун,..

Ле, дир маг1арулал, муг1рузул ч1ух1и,
Т1олго дунялалда ц1ар араб миллат,
Ц1умил борхалъуда ц1ар хъварал васал,
Ц1ар рецц1алъе х1акъаб, бах1арчияб халкъ.

Хвезе тоге, ц1уне умумузул нух,
Хазиналъун ц1уне ях1ги намусги.
Нилъ- тарих бечедаб Бичасул уммат,
Къан борчараб рачел тоге чучизе.

Дол арал г1асрабаз г1асиял рагьалъ
Нилъер хвалчабазул бук1ана къуват.
Къо ккедал Дагъистан лъалищ нужеда,
Нилъехъ балагьула лъимер киниги?

Гьедин балагьана нилъехъ Дагъистан
Хаттабгун Басаев, кьал ах1ун, щведал.
Щивасул бук1ана рек1елъ цо пикру,
Щивдайин гьаб нухалъ цеве вахъина.

Лъицадайин кьела кьварараб амру,
Щивдайин вук1ина бодул цевехъан.
Дова Ах1улгох1да Шамил кинниги,
Мун рекъон вук1инин нижеда цеве.

Киназго, цо г1адин, кверал рорхана
Шагьаралъул бет1ер Сайгидпашае.
Жакъа зах1матаб къо- Дагъистаналъе
Мун вугин бет1ерги жидер имамги.

Киналго, миллатаз гьарулеб бугин,
Гьари нахъ ч1вач1ого, цеве вахъайин.
Гьедин цеве вахъун, Сайгидпашаца
Г1уц1ана къокъаби ополченцазул.

Щибаб къват1 бук1ана Хасавюрталъул,
Ах1и бан, рахъараз мухъалги гьарун.
Гьаниб парад г1уц1ун Г1умахановас
Къокъаби рит1ана Болъихъ, Ц1умаде.

Г1орхъаби ц1унизе кумек гьабейин,
Тушманасде данде сангарлъун ч1айин.
Чед-ц1амгун бач1инин дандч1вай гьабизе
Дагъистанин абун хьул лъун рук1арал.

Хвалченгун гьабулеб гьоболлъи бихьун,
Ц1уял г1анк1ал г1адин, т1ур-т1урун ана.
Гьале, къоабилеб август т1ад щвана,
Дол вах1шиял къоял нахъа хут1араб.

Цоги бах1арчияб халкъалъул гьунар
Хъвана Дагъистаналъ историялда.
Бач1унеб г1елалъе г1ела гьеб мисал,
Ах1и бараб къоялъ къват1ир рахъине.

*Ниязбег АЛМАХЪСКИЙ, Хасавюрт шагьар.*

Депутатасул ишал

## Иргадулаб дандч1ваялда...



7 августалда РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-П.) Д. Г1умахановгун бук1араб дандч1ваялда Гъозтала росдал избирателаз гьесие бицана, т1оцебесеб иргаялда, росдал социалиябгун экономикияб рахъал церет1езариялъе х1ажатал шарт1азул.

Дандч1ваялъул х1асилал гьаруле жиндирго к1алъаялда депутатас раг1и кьуна гьенир рорхарал суалал бет1ералде рахъинариялда т1ад х1алт1изе ва жидеде кколедаса гьел т1урай т1алаб гьабизе.

Росдал бет1ер А. Абакаровас, гьабураб кумекалъухъ жамаг1аталъул баркалаги загьир гьабун, депутатасда гьарана ц1и бараб спортзалалъе гугарухъабазул ковёр босизе кумек гьабеян.

Гьоркьоб заман бахъилелде, депутатас гьеб гьари т1убазабуна. 4 сентябралда М-п. (К-п) Д. Г1умахановас бит1ун бач1араб гугарухъабазул ковёр дица Гъозталаялъул администрациялъул бет1ер А. Абакаровасухъе кьуна.

*С. АЛГУМИРЗАЕВ, Ленинаул росу.*

*Нилъер тарих*

# Къисмат ккана гьадинаб



Гьаб макъалаялда бицине бокьун буго Алмахъ росдал бечедаб тарихалъулги, зах1матаб къисматалъулги, Ленинаулалда г1умру гьабун ругел алмахъазулги.

Х1уригат бахъилелде Алмахъалда вук1ун вуго 63 х1ажичи. Гьезда гьоркьор рук1уна дир дах1ададаги, к1иц1ул х1еж борхарав Ханбатирги. Нижер хъизаналдаса 15 чияс х1еж борхана. Гьеб к1удияб рах1мат буго. Ниж г1емераб бечелъиялъул бет1ергьаби гуро, Аллагьас кьуралда г1ей гьабула. 2018 соналъ алмахъазул 129 чияс х1еж т1убана, исанайин абуни 84 чияс Шамил имамасулги алмахъазулги гьоркьоблъиялъул бицинего ккеларо, гьеб тарихалдасан лъала. Рехсела к1иго х1ужа. 1845 соналъ Шамил имамас, Северияб Кавказалъулго г1алимзабиги ах1ун, Алмахъалда мажлис т1обит1ана. Гьеб лъабго къоялъ халатбахъун буго. Гьенибго рузманги бан буго. Рузман жаниб бараб мажгит жакъа х1алт1улебги буго.

Доб бук1ун буго Шамил имамас Алмахъалдаги Даргъоялдаги гьоркьоб пачаясул генерал Воронцовасул армиялда кьаби щвезабураб заман.

Ах1улгох1даса Чачаналъе унаго, Шамил имам Алмахъ росулъе лъугьун гьеч1о гьел пачаясул армиялъ инжит гьарулинги абун. Алмахъазда гьеб лъан буго ва имамги цадахъ рук1аралги, росулъеги рачун, гьениб хъулухъги гьабун, нухда т1орит1ун руго. Цо алмахъас къот1и гьабун бугила имам Ах1улгох1даса ворч1ани, оц хъвезе, гьеб оцги хъун бугила.

Шамил имам ч1араб бак1алда алмахъаз Шамилил гох1ин абула. Щибаб санайил гьениб мажлисги т1обит1ула. Революциялда хадусел соназги алмахъаз г1емераб зулму х1ехьезе ккана. Дол соназ Казбек районалдаса репрессиялде ккун вуго 361 чи, гьезда гьоркьоса алмахъазул – 64 чи.

Репрессиялде ккаразда гьоркьор рук1ун руго 75 г1араб ц1аларав чи ва 37 коммунист. Ч1ван, лагеразда хун, гьезул 245 т1адвуссунги гьеч1о.Ленинаулалда бальго х1алт1улеб мадраса бук1ана. Мац1 гьабун, гьеб къана. Гьедин къваридаб заман бук1аниги, алмахъаз дин рехун теч1о. Муртазаг1алил Адаца васаздаги ясаздаги малъана Къуръан. Гьей хведал гьелъул яс Пат1иматицаги гьабуна гьебго х1алт1и.

70-абилел соназ росулъ хвел-хоб т1убаялъул суал зах1мат бук1ана. Цох1о дибир вук1ана гьелда т1ад х1алт1улев чи. Газета ц1алулез абила дол г1алимзабиги х1ажизабиги рук1араб росулъ гьедин кин бук1унебилан. Дол чаг1азул цо къадар репрессиялде ккана. Цогидал К1удияб Ват1анияб рагъда ч1вана яги, араб бак1 лъач1ого,т1аг1ана. Алмахъазул рагъде ун вуго 629 чи.

Рагъул заманалда алмахъазда иргадулаб ц1ал кьабуна ва, х1алгьабун, гьел г1авухъазул росабалъе гочинаруна. (Юрт-Г1авухъ, Ахъташ -Г1авухъ, гьанжесел Калининаул ва Ленинаул) Жамаг1аталъул рахъалдасан баркала буго имамлъи гьабурав Къадиев Мух1аммадг1арипие. Гьес щуго соналде г1агарун заманалъ имамлъи гьабуна. 1999 соналъ, мадраса лъуг1ун, росулъе яч1ана Адиева Пат1имат, 2007 соналъ - Салимова Асият, 2009 соналъ - Мух1амирзаева Хадижат.

Гьез Къуръан ц1ализе ясазда малъизе байбихьана. Гьел соназ Ленинаулалдаса 14-г1анасев г1олилав вук1ана исламиял институтаздагун мадрасазда ц1алулев. Масала, Абубакаров Г1амирг1али вач1ана 2016 соналъ росулъе. Гьев имамлъунги тана. Гьесул лъади Г1айшатги йик1ана дол соназ исламияб университеталда ц1алулей.

2009 соналда Саг1ид афандиясул(къ.с) ц1аралда бугеб теологиялъул институталде Адиев Г1али ц1ализе лъугьана. Ц1алун лъуг1индал, гьев даг1 ваталъ Москваялде вит1улев вук1ана, амма жамаг1аталъул гьариялда рекъон, росулъго тезавуна. Гьесиеги баркала буго. Гьебго институталда ц1алулев вук1ана Салисгереев Г1усманги. 2018 соналъ гьевги вач1ана росулъе. Ц1алулги х1алт1улги х1албихьи бугел гьез кьуч1дасанго хисизабуна исламалда сверухъ гьабулеб х1алт1и. Жакъа росулъ х1алт1улеб буго щуго мажгит. Исламияб лъай босулезул къадар азаргоялдасаги ц1ик1к1уна(300 бихьинчи ва 750 ч1ужуг1адан). Росу тун къват1ирехун ц1алулел руго 25-чи, (гьезул Турциялда - 3 чи, Казаналда - 1-чи). Росулъ х1алт1улеб буго **"Инсан"** фондалъул филиалги. Гьелъул жаваб Г1алиасх1аб Мух1аммадгъазиевас кьола. Росулъе бач1уна 430 **«Ассалам»** газета (350 маг1арул ва 80 г1урус мац1азда). Г1амирг1алил жигаралдалъун ва Т1адег1анасул кумекалдалъун, бан лъуг1ана спортзалалъул ц1ияб корпус. Нижеда г1езег1ан лъик1 лъала терроризм щибали. Террористаз алмахъазул 30 полициялъулав ч1вана.

*Зиyродин-х1ажи КЪУДУЕВ, Ленинаул росу.*

*Ополчениялъе-го сон*

# Суратал рахъиялъул конкурсалда…

Лъайкьеялъул Управлениялъул бихьизабиялда рекъон, халкъалдагьоркьосел бандформированиял щущахъ риххизаруралдаса 20 сон тIубаялъул хIурматалда, районалъул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб (6-8 кл.), Дилим росдал гимназиялда тIобитIана суратал рахъиялъул конкурс.

Гьенире гIахьаллъана- Алмахъ, Буртунай, Гертма, Калининаул, ИчкIа, Ленинаул росабалъа ва Дубки поселокалдаса цIалдохъаби.

Конкурс гIуцIиялъул мурадлъун букIана- гIагараб ракьалде, ВатIаналде,нилъерго тарихалде цIалдохъабазул рокьи бижизаби.

ЦIалдохъабаз гьениб бихьизабуна тема рагьизе, суратал рахъизе бажари букIин. Гьез суратазда бихьизабуна нилъер гIадамазул бахIарчилъи,гIагараб ракь цIуниялъе гьел гIумруялда барахщунареблъи ва гь.ц.







ХIасилал гьарун хадуб баянлъана тIоцебесеб бакIалъе МухIамадхан Салманов ( 7кл., Гертма) мус тахIикълъаравлъи,кIиабилеб бакI МухIамад Гъапуровасе ( 7 кл.,ИчкIа) щвараблъи ва лъабабилеб бакI Саида ХIайдаровалъ(5 кл.,Дубки) босараблъи.

*Х. МУХIАМАДОВ, ИМЦялъул методист.*

*Инсан ва гIумру*

# Буго гьадинабги пекарня

КIиго моцIалъ халатбахъараб отпускаялъул къоял гIадада риччазеги бокьичIого, дун йикIана цо кинаб бугониги хIалтIи гьабизе хиялалда. Хасавюрт шагьаралда бугеб **«Колос»** пекарнялъе хIалтIухъаби хIажат ругинги рагIун, дун гьение ана. БитIараб бицани, гIумрудул сонал цIикIкIарал ругинги абун, гьез дун нахъ чIвазе бегьулин абураб пикруги букIана рекIелъ сверулеб. Дун гьений лъикI къабул гьаюна ва дирго мурад бициндал, хIалтIуде йосана.

Пекарня бугоан гIезегIанго кIудияб (5 цехалдасан гIуцIараб). Гьениб бихьараб рацIцIалъиялъ, цоцаздехун бугеб бербалагьиялъ, хIалтIухъабазул бугеб махщелалъ дун хIайран гьаюна.

Гьединаб ахIвал-хIал гьениб букIинчIого рес щиб, гьелъул бетIергьанчи ХIайдар ГIалиасхIабов вугоан-ракIбацIцIадав, хIеренав, гIадамал ричIчIунев, квергIатIидав ва унго-унгояв бусурманчи. Гьесул кваранаб кверлъун кколей Зарема Атлуеваги йигоан лъи кIаб гIамал- хасияталъул гIадан. **«Гьениб чIезабураб рацIцIалъиги, чед бежиялъул къагIидабиги, гьабулебщиналде гьелъул бугеб рагIа-ракьанде щолеб бербалагьиги руго х1алт1и лъик1 бук1иналъе кьуч1лъун»**,-ан бицана дида хIалтIухъабаз.

Гьай-гьай, дицаги хIаракат бахъана, гьенир хIалтIулел ясаздаса нахъе ккечIого, хIалтIизе. Сапият Мугьидиновалъ, Салимат Булатхановалъ,Мадина Нажмудиновалъ,Мавлият ГIамиевалъ, Зарема (Аба) Самедовалъ, Раисат Насрулаевалъ ва цогидазги дие цIакъ кумек гьабуна, чед бежиялъул балъголъабалъе лъугьине.

ХIайдарги гьесул хIалтIухъабиги, цо хъизан кинниги, рекъон хIалтIулел рукIиналъ батила гьезул чед нилъер районалдецин щолеб бугеб. ГIенеккараб заманалда гIезегIанго гIадамаз рехсараб пекарнялъул чед беццулеб рагIана, дир гьелдаса чIухIизеги бачIунаан. Гьениб щолеб харжги 24 азарго гъурщидаса гъоркье ккоиаро. ГIемерал бакIал гурел гьединал ругел, х1алт1изе бокьарал гьенире ине бегьула.

Бокьун буго ХIайдарие ва гьес бетIерлъи гьабулеб коллективалъе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Кьеги гьезие сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел киналниги ишазулъ битIккей.

*З. ХIАЖИЕВА, Калининаул росу.*

# Х1абиб НурмухI1амадовасул иргадулаб бергьенлъи



Мекъи ккеларо, араб анкьалъ т1олабго дунялалъул халкъалъул мац1алда нилъер Х1. Нурмух1амадовасулги Америкаялдаса Д. Порьелги Абу-Дабиялда т1обит1изе бук1араб дандч1вай бук1анин абуни. Гьай-гьай, г1адамазда гьоркьор рук1ана Х1абиб къине бокьаралги, гьел гьеч1ого киданиги бук1унаро.

Гьале, т1аде щвана Х1абибилги Дастинилги дандч1вай. 7 сентябралда т1обит1араб гьелъухъ балагьич1ев чи вук1ун ватиларо ва гьениб ккараб т1олаздаго бихьана.

Гьелда цебесеб Конорилгун Х1абибил ккаралъул нуг1заллъунги нилъ руго. Дастиницаги Х1абибицаги цоцазул адаб-хатир тараб, напс г1одоб гьабураб щибниги абич1о. Гьелъги батила, г1емеразул американалъуласда рак1ги бух1араб. Щиб ва кин бук1ун батаниги, гьеб бук1ана Х1абибица босараб, цониги нухалдаги къинч1ого, 28-аб. бергьенлъи, бергьенлъиги- х1икматаб ва тарихияб.

Гьеб бергьенлъиялдалъун Х1абибица к1иабилеб нухалъ ц1унана UFCялъул чемпионасул ц1ар. Гьанжеялдаса к1иго данд ч1ваялдаги бергьани, тарихалъулъе Х1. Нурмух1амадов уна бищунго лъик1авлъун.

*Интернет*

# Больницаялъе - ц1ияб автомашина



Гьал къояз Дубки посёлокалъул участковияб больницаялъе кьуна хехаб кумекалъул ц1ияб автомашина. Гьеб кьеялъул данделъиялда г1ахьаллъана-ЦРБялъул бет1ерав тохтурасул ишал т1уралев Р.Г1.Г1амиев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гъирисханов, поселокалъул администрациялъул бет1ер Г1.К. Абакаров,жамг1иял х1арaкатчаг1и,больницаялъул коллектив ва цогидалги.

Автомашина хьезабун буго медицинаялъул гьанжесеб къайи -къоноялдалъун (дефибриллетор,аппарат вентиляции легких, электрокардиограф ва гь.ц.).

*Ибрагьим ИДРИСОВ.*

**Анкьил гьава – бакъ**

**(16 - 22 сентябрь)**

| | |
|---|---|
| **1. Итни** | (+13, нак1к1) |
| **2. Талат** | (+24, бакъ) |
| **3. Арбаг1** | (+16, ц1ад) |
| **4. Хамиз** | (+22, бакъ) |
| **5. Рузман** | (+26, бакъ) |
| **6. Шамат** | (+21, нак1к1) |
| **7. Гьат1ан** | (+21, бакъ) |

*12 сентябралда*:

**Доллар** - 65.14 коп.

**Евро** – 71.83 коп.

*Дин ва гIумру*

# Хварав чи чуриялъул баян

*(Байбихьи 29, 32, 34 номералда)*

Рос мискинав, гьеб гьабизе рес гьечIев чи вугони чIужуялъул жиндирго нахъе тараб жоялдасан расходал гьарун юкъила. ГьелъулгИ щибго жо батичIони гьелъул гIагарлъиялда цинги бечедал бусурбабазда тIалъула гьей юкъизе. Росасда мутIигIай гурей ва гьесда нафакъаги тIалъуларей йикIун ятани хварай чIужу гьеб мехалъ гьесда тIалъуларо гьей юкъиялъе кколел расходал. Хварав чиясда базе мусру ракI разилъун кьураб мехалъ лъица кьунаниги тIубала, хварасул мулкалдасан букIине тIалъуларо.

Мусру хIадур гьабун нахъе лъун букIине бекцараб гьечIин буго "ХIашиятуль Бужайрими гIалал ХатIиб" абураб тIехьалда цо лъикIаб баракат щолеб рахъалъул бугони гурони яги цIакъго мухIканаб хIалалаб букIиналъги гурони.

Хварав бихьинчиясда мусру балаго лъабго хамалдалъун балеб бугони тIоцебе гIодоб тIибитIила бищун лъикIаб ва гIебаб хам, гьелда тIад кIиабилеб ва лъабабилебги тIибитIила, щибаб хамалда махIги гьуинаб черхалда хехго хIапара базеги толареб херги щвала цинги гьел хамазда тIад лъела къаркъала мугъалда вегизавураб хIалалда. Гьанже гьесул нахъисеб гIавраталда, кIиябго рохокъотIиялда гьоркьоб кваскваси лъун гьеб щулаго бухьила. Цо гIебаб чIортоялъул рагIалги бакьулъан бихьун кIиябго мачIалда гьоркьосан гьеб лъураб кваскваc гIавраталда щулаго ккoлеб куцалъ рагIал бихьараб рахъ нахъе мугъалъул рахъалдеги бачун гьелъул кIиябго рагIал цебе цIиноялдеги бачун цоцада бухьила ва цебесан тIаде бачун чIортоялъул цогидаб рагIал гьеб бухьаралда гъоркьанги бахьун щулаго гьелда кквезабила.

Пебаб чIортоялдалъун чIужугIаданалъул керенги бухьила. Цинги гьебго махI бугеб херги тIад щван кваскваc лъела черхалда ругел киналго картIазда, беразда, гIундузда, кIалалда, магIарзул къалазда, черхалда ругони ругъназдаги, килшазда гьоркьо-гьоркьорги ва нодо, хIатIалгун анкьалго сужда гьабулаго гIодор гъвалел лугбуздаги. Цинги тIаде рачун жемила гьел мусруялъул хъалал, цебе квегIаб рахъ тIаде бачун цинги гьелда тIаде кваранаб бачун хадусеб кIиябго хъалги гьединго цебе квегIаб хадуб кваранаб цоцаде тIаде рачун. ХIатIазул ахадаги бетIералъул рахъалдаги данделъараб хам дандеги рачун кIиялго рухьила, бетIералъул рахъалда цIикIкIун букIинеги лъикIаб буго. Бакьулъ ва цоги хIажат бугеб бакIалдаги мусру чIалаца бухьила баччулеб мехалъ рагьичIого букIине. Цинги лахIдуялда жаниб жаназа рекъезабулаго гьел мусру бухьарал чIалал ричила киналго ва гьенир мусруялда тIадго тела.

*Гьодобериса АхIмад Гlисаевасул Иршадуль гIавам (1 бутIа, 444 гьум.)*

# Минкавказ России и ПАО «Сбербанк» проведут обучающие семинары по мерам поддержки субъектов предпринимательства

В рамках проводимой Министерством Российской Федерации по делам Северного Кавказа работы по повышению доступности заемного финансирования для коммерческих организаций, в том числе субъектов малого и среднего предпринимательства, Минкавказом России совместно с ПАО «Сбербанк» на территории каждого субъекта Российской Федерации, входящего в состав Северо-Кавказского федерального округа, планируется проведение обучающих семинаров. На семинарах «Реализация государственных программ поддержки и развития субъектов малого и среднего предпринимательства с участием ПАО Сбербанк» обсудят работу по мерам поддержки субъектов предпринимательства, а также повышению финансовой грамотности.

К участию в семинарах приглашаются представители ПАО «Сбербанк», Минкавказа России, органов исполнительной власти субъектов СКФО, органов местного самоуправления и субъектов предпринимательства.

В соответствии с предварительным графиком проведения обучающих семинаров в г. Махачкале планируется проведение двух мероприятий:

– 2 октября 2019 г. – для представителей органов исполнительной власти и местного самоуправления;

– 3 октября 2019 г. – для субъектов предпринимательства.

БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
Индекс: 51354
Заказ №300 Тираж 1100
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола